


# Admisyon nan Jadendanfan

**Aplike ant 9 janvye ak 2 mas 2012**

N ap konsidere menm jan tout aplikasyon nou resevwa anvan dènye dat pou soumèt yo ki se 2 mas 2012—se PA aplikasyon premye moun ki soumèt yonn n ap apwouve.

Tout elèv k ap antre nan Jadendanfan nan mwa Septanm 2012 dwe soumèt yon aplikasyon.

Pami elèv sa yo genyen elèv ki abite nan sektè lekòl la, elèv ki te fè prematènèl nan lekòl la, ak elèv ki gen andikap.



## Kiyès ki kalifye?

Timoun ki fèt an 2007 ki abite nan Vil Nouyòk

## Kouman fanmiy yo ka aplike?

Al vizite lekòl nan sektè lakay ou ak lòt lekòl pitit ou a kalifye pou admisyon l ki enterese w.

Anplis aplikasyon an, paran yo dwe soumèt dokiman sa yo :

- Batistè oswa paspò pitit yo
- Prèv adrès kay yo abite (de dokiman)
- Yon bòdwo sèvis piblik pou kay (gaz oswa elektrisite) ki sòti nan *National Grid*, *Con Edison*, oswa *Long Island Power Authority* ki gen non moun ki abite kay la; li dwe gen dat yonn nan dènye 60 jou ki sot pase yo
- Dokiman oswa lèt ki ekri nan papyè ak antèt yon biwo federal, yon biwo eta oswa yon biwo lokal gouvènman, paegzanp IRS, NYCHA, HRA, ACS, oswa yon biwo ki gen kontra ak ACS, kote yo endike non ak adrès moun ki abite kay la; li dwe gen dat yonn nan 60 dènye jou ki sot pase yo
- Orijinal yon kontra lwaye, papyè legal pwopriyete kay la oswa papyè *mortgage* kay ou abite a
- Yon bòdwo ou fèk resevwa pou taks sou pwopriyete kay ou abite a
- Yon bòdwo dlo pou kay ou abite a; li dwe gen dat yonn nan dènye 60 jou ki sot pase yo
- Yon dokiman ofisyèl payroll ke yon anplwayè ba w paegzanp yon fòm ou soumèt pou peye taks oswa yon resi *payroll*; li dwe gen dat yonn nan dènye 60 jou ki sot pase yo

Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan admisyon nan jadendanfan, tanpri telefone (718) 935-2009 oswa al sou sit [www.nyc.gov/Schools/ChoicesEnrollment/Elementary](http://www.nyc.gov/Schools/ChoicesEnrollment/Elementary)